

Anons Lamès yo

Senkyèm Dimanch Karèm

20/21 Mas

Chak Pak, koleksyon pawas nou an benefisye Fon Klèje ki okipe li de sante ak byennèt prèt nou yo ki an règ. Lè ou sipòte koleksyon an, ou ka montre apresyasyon ou ak sipò pou prèt yo ki te fè epi kontinye fè yon diferans nan lavi ou, lavi pawas nou an, ak lavi anpil lòt moun nan kominote nou an. Gade bilten semèn sa a pou fason ou kapab fè kado w la jodi a. Ane sa a plis pase tout tan, nou bezwen sipò w epi nou apresye l. Mèsi alavans pou jenerozite ou a koleksyon sa a.

Dimanch Ramo

27/28 Mas

Koleksyon Pak semèn pwochèn lan pral benefisye Fon Klèje ki ede pran swen sante ak byennèt 536 prèt aktif ak aje nou yo ki an règ. Kesewa anndan kominote pawas nou yo, oswa nan kominote a an jeneral, prèt nou yo ap fè yon diferans chak jou. Ane sa a plis pase tout tan, nou bezwen sipò w epi nou apresye l. Nan pwòp non pa mwen ansanm ak prèt frè m yo ki benefisye de sipò Fon Klèje, n ap di ou mèsi.

Dimanch Pak (Koleksyon Fen Semèn)

3/4 Avril

Koleksyon jodi a pral benefisye Fon Klèje ki bay pwogram ak sipò pou pran swen sante ak byennèt tout prèt dyosèz aktif ak aje ki an règ. Lè w sipòte koleksyon sa a, w ap ede asire ke prèt nou yo ki aktif resevwa swen ke yo bezwen an pou kontinye travay enpòtan yo epi prèt aje nou yo, tankou {SENIOR PRIEST NAME(S)} gen sipò ak aksè a bon jan kalite swen. Koleksyon sa a se yon sous kritik nan finansman Trust la (Fon an) epi nou apresye jenewozite w anpil. Nan pwòp non pa mwen, {SENIOR PRIEST NAME(S)}, ak tout prèt frè m yo ki benefisye de sipò Fon Klèje, mèsi anpil pou sipò kontinyèl ou ak jenewozite w.

LAPRIYÈ FIDÈL YO POU VIJIL PAK AK LAMÈS YO:

Pou tout prèt aktif ak aje nou yo ki an règ ki te dedye lavi yo nan sèvi lòt moun san pran souf. Ke yo kapab kontinye ranfòse kominote nou yo atravè ministè pa yo epi pote prezans Kris la bay tout lòt sa yo ke yo rankontre.

Dezyèm Dimanch Pak

10/11 Avril

Nan pwòp non pa mwen ansanm ak prèt frè m yo, nou di ou mèsi pou sipò ou a koleksyon Pak la pou Fon Klèje. Si ou pa t kapab fè yon donasyon semèn pase a, men ou ta toujou renmen kontribye, tanpri gade bilten semèn sa a pou fason ou ka fè kado w la jodi a.